

# KOVID-19 : AKSÈ A DEPISTAJ AK VAKSINASYON

Centre intégré  
universitaire de santé  
et de services sociaux  
du Centre hospitalier  
de l'Île-de-Montréal  
Québec

Centre d'expertise sur le bien-être et l'état de santé  
physique des réfugiés et des demandeurs d'asile  
Direction des affaires académiques et de l'éthique de la recherche

CRÉOLE



## Nan lakay la

Magali, mwen pè.  
Ou konnen, KOVID se yon  
maladi ki grav.

ATCHOOOO!!

Pou ou konnen si ou  
genyen KOVID, Komi,  
ou dwe ale fè tès la.

San asirans, li pral  
koute anpil lajan...

Mwen te wè Ella nan magazen  
an. Li di mwen ke tès la ak tout  
swen pou KOVID pa koute  
anyen pou tout moun!

Si mwen bezwen  
ale lopital?

Li pap koute  
anyen tou pou  
KOVID!



## Pi ta, nan klinik depistaj la

Mèsi pour visit la mesye. Ou pral resevwa rezulta  
tès ou nan jou kap vini yo. Pandan w ap tann, li  
nesesè ke ou rete lakay ou.

AAAAA ATCHOOOM!!

DEPISTAJ  
KOVID19

E si li pa KOVID,  
eske mwen ka jwen yon  
tretman pou touse?

Si ou genyen lòt bezwen ki  
pa an lyen ak KOVID, li  
depann de pwoteksyon  
swen sante ou genyen.



Lè nou vaksinen, nou genyen  
mwens sentòm epi mwens risk  
soufri de yon maladi grav.



Eske vaksen an gratis?

Wi! Tankou depistaj la :  
li gratis pou moun nenpòt laj ak  
tout estati imigrasyon.



Mèsi pou tout detay yo. Magali, ou pa ta vle pran vaksen an tou?

